

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

Dina ieu bab, baris dipedar ngeunaan kacindekan implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ku panalungtik.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun média Wayang Kertas kurang nyugemakeun katitén tina kalima aspék ngadongéng anu kahiji nyaéta aspék lentong kagolong kana katégori kurang kalayan skor rata-rata 2.11, kadua nyaéta aspék lafal kagolong kana katégori kurang kalayan skor rata-rata 2.07, katilu nyaéta aspék pamahaman eusi kagolong kana katégori sedeng kalayan skor rata-rata 2.51, kaopat nyaéta aspék éksprési kagolong kana katégori kurang kalayan skor rata-rata 2.03, jeung kalima nyaéta aspék géstur kagolong kana katégori kurang pisan kalayan skor rata-ratana 1.78. Cindekna, yén kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh ngagunakeun média Wayang Kertas can mampu kalayan rata-rata penteun 60.70 tina KKM 75.
- 2) Kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas katitén tina kalima aspék ngadongéng anu kahiji nyaéta aspék lentong kagolong kana katégori hadé pisan kalayan skor rata-rata 3.85, kadua nyaéta aspék lafal kagolong kana katégori hadé kalayan skor rata-rata 3.29, katilu nyaéta aspék pamahaman eusi kagolong kana katégori hadé kalayan skor rata-rata 3.74, kaopat nyaéta aspék éksprési kagolong kana katégori hadé kalayan skor rata-rata 3.37, jeung kalima nyaéta aspék géstur kagolong kana katégori hadé kalayan skor rata-ratana 3.51. Cindekna, yén kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-

A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas mampuh kalayan rata-rata penteun 80.85 tina KKM 75.

- 3) Kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas dumasar kana lima aspék peniaian sakabéhna ngaronjat. Anu kahiji nyaéta aspék lentong ti 2.11 jadi 3.85, nu kadua nyaéta aspék lafal ti 2.07 jadi 3.29, anu katilu nyaéta aspék pamahaman eusi ti 2.51 jadi 3.74, anu kaopat nyaéta aspék éksprési ti 2.03 jadi 3.37, jeung anu kalima nyaéta aspék géstur ti 1.78 jadi 3.51. Dumasar ngaronjatna hasil saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas dina ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 aya béda anu signifikan. Katitén tina hasil uji statistik nilai signifikansi (Sig. 2-tailed) nyaéta ($0.000 < 0.05$). Hartina, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Bisa dicindekkeun, aya béda anu signifikan antara kaparigelan ngadongéng siswa kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Wayang Kertas.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, digunakeunna média Wayang Kertas kana matéri ngadongéng, nalika prak-prakanana miboga implikasi yén ieu média pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunna ieu média Wayang Kertas téh, jadi salasahiji cara pikeun numuwuhkeun rasa percaya diri unggal siswa, jeung média wayang kertas ogé leuwih ngutamakeun kana éksprési nalika ngadongéng.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeunna ieu panalungtikan ngeunaan média Wayang Kertas dina kamampuh ngadongéng, aya sababaraha rékoméndasi patali jeung ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

1) Pikeun Pangajaran Basa Sunda

Média Wayang Kertas bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran basa Sunda utamana dina pangajaran ngadongéng kelas VII-A SMP Negeri 4 Bandung. Sabab, ieu média Wayang Kertas téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongéng.

2) Pikeun Guru

Dina ieu panalungtikan ngeunaan ngadongéng ngagunakeun média Wayang Kertas aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: (1) kasiapan siswa nalika rék diajar; (2) bisa nyiptakeun suasana anu nyieun siswa kairut sangkan teu monoton; jeung (3) bisa nyaluyukeun kana kaayaan dina kagiatan diajar ngajar.

3) Pikeun Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode studi kuasi ékspérimén, dipiharep aya panalungtikan séjénna sangkan bisa leuwih asak tur hadé dina nataharkeun panalungtikan ngagunakeun média Wayang Kertas, jeung perlu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan média Wayang Kertas nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni.